ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№242 (22.400) • 2012 гъэм дыгъэгъаз5эм (дек5абрым) и 18, гъубж • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Мер Юрий ещанэ пIалъэкIэ лэжьэну къагъэлъагъуэ

Мэрэм кIуам Урысей Федерацым и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегие нэхъыщIхьэм иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм щыхэлIыщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд нэхъыщIхьэм и унафэщIым и къулыкъум игъэувыпкъ къыхэхыным. А къулыкъум увын папщIэ конкурсым хэтащ иджыпсту КъБР-м и Суд нэхъыщIхьэм и унафэщIу лажьэ Мер Юрий, КъБР-м и Конституцэ Судым и унафэщIым и къуэдзэ Хьэкъуэ Мурат сымэ.

СУДЫЩIЭХЭМ IэщIагъэмкIэ я коллегие нэхъыщIхьэу Кузнецовэ Валентинэ зи унафэщIым къилытащ мы къулыкъур иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд нэхъыщIхьэм и унафэщIу лажьэ Мер Юрий Хьалид и къуэм нахь хуэфащэу. Абы и полномочиехэр дыдыхуэкIуэ иубэсым и мазаем иухыу арат.

«Урысей Федерацым и судыщIэхэм я статусым и IуэхукIэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ, судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегие нэхъыщIхьэм и унафэр гъыкIым папщIэ, Мер Юрий КъБР-м и Суд нэхъыщIхьэм и унафэщIу зэригъэувым теухуауэ Урысей Федерацым и Президентым Указ къыдигъэкIын хуейщ.

БЭРБЭЧ Борис.

• ЗэIущIэхэр

ПщIэ зэхуащIу, зызэхащIыкIыу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен хэтащ Мэзкуурэ Урысей псомрэ ЛъапIэныгъэщхьэр зыбгъэдэль я Патриарх Кириллэ УФ-м и Президентым и полномочиехэ лIыкIуэ КИФШПК-м щыIэ Хлопонин Александр и хэщIапIэм Кавказ Ищхъэрэ республикэхэм я унафэщIхэм дыгъэгъазэм и 14-м щырегъэкIуэкIа зэIущIэм.

ЗЭХУЭСАХЭМ зацыхуигъазэм, Урыс чристэм члиесм и тетым кIыхьгъащэ динхэмрэ зэхэщIыкI лъагэмрэ я лъапIэныгъэхэм нобэрей Урысеймы мы дунейм мыхьэнэшхэу зэрыщагъэзащIэр. Дин щIэныгъэ псоми зы лъабжьэ зэрапIэр кынгъэлъагъуэри, Патриархым кIыхьриджащи зэхуэщытыкIэ дахэм, зэрыпытэныгъэм хуэзэыущий, ахэр бэм я дежь нэзыхьэс, цIыхухэм я къэухым зезыгъэужь лъэпкъ гупсысэ узынпэхэмкIэ жыджэру зэхъуэжьэнхэу.

Кавказ Ищхъэрэм щалэжь щIэпхъажагъэхэм я гугъу щищIым, Патриарх Кирилл апхуэдэу кIыгъеувIащ хьэгъэщагъэ бзаджэхэр зэ мурадхэм цIыхухэм я дин, лъэпкъ фIэщхьыныгъэ лъапIэхэр кIыхьзрагъэсэпым. Абы кIыхьхIыу, лъэпкъ зэхущытыкIэфIхэр я лъабжьэу щIалэгъуалэр гъэсэным, диным хуегъэджэным мыхьэнэшхэу иIэщ.

Патриарх Кирилл зэхуэсахэм ягуи Iуэтащ Ставрополь щыгъэхэта Дунейпсо урыс цIыхухэ зэхыхьэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и муфтийхэм идкъыблагъэ зэрахуэзамрэ къаривIуахэр.

Урысей Федерацым и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, УФ-м и Президентым и полномочиехэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александр кIыхьилъхьэри, я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ щыгъэхьуажэ гъэпсыкIэм тету зэIущIэр екIуэкIащ. Абы кIыхьигъэщащ зэхэмIыкI Iуэху, пщIэ зэхуащIу къэув къаIэнхэр зэпкърыхьным, лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым и сэбэп зыхэлъхэр зэуIуу пхыгъэкIыным мыхьэнэшхэу зэриIэр.

Бжьэжьи и пэ кIыхьэу, патриархыр Минводы къалэм и аэровокзалым дежщаухуэну Тхъэ елъэIупIэр здэщытыну щIыпIэм мывэ зэрыщагъэтIыльым теухуа Iуэхугъуэм хэтащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Парламентарий ныбжьыщIэхэм я еджапIэ кIыхьэIухым теухуа пэублэ зэIущIэр Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ «Иткол» хьэщIэщым иджыблагъэ щекIуэкIащ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ палатэм и лэжьыгъэр «Ныбжьыщ1эхэр хабзэхэм зэрыщыгъуазэр» зэхьхьэмкIэ я яблащ. Ар ирагъэжькIащ КъБР-м и Парламентым ЩIалэгъуалэм ядэлэжьэныжьмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и комитетым и унафэщI Хьэщхьэкъо ТатьянэрэI я Хабзэгъэуэ Iэнатlэм и депутат, спортым щыхь зиIэ и мастер, 2008 гъэм Пекин щекIуэкIа Олимп зэхьэзэхуэхэм алыдж-урым бэнэжкIмкIэ чемпион щыхьуа Хьэщт Аслъэнбэчрэ. Зэхьхьэр къыщызэIуихым, Хьэщхьуэжьым жиIащ:

- Жылагъуэм политикэ и лъэныкъуэкIэ дяпэкIи зиугъэжьныр, щIыхум и хуитныгъэхэр зэрихьымэжьыфынум щэч кьытремыгъэхьэныр, апхуэдэу езы къэралым щызекIуэ хабзэхэр быдзэ щытыныр кьыгуэхыпIэ имыIэу епхащ щIэблэм ябгъэдэлъ юридическэ щIэныгъэмрэ гупсысэкIмрэ.

Къэралыр ыкъэрыщхьэщыжьынур щIалэгъуалэм я фIэщ хьуэ, жылагъуэ гъащIэм хуэжьджэру щытыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ар апхуэдэу хьун папщIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, щыщIыкIум щегъэжьауэ хуэфащэ гъэсэныгъэ щIэблэм ябгъэдэлъхьэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ, дауи, жэуапткIуэу кьоув адэанэхэри, сабий садхэм, курыт еджапIэхэм я гъэсакIуэхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и юридическэ факультетым и кафедрэм и унафэщI, юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат Багъэтыр Алим зэрыжиIэмкIэ, къэралым кьарит хуитныгъэхэр зыхуэдэм иджырей щIалэгъуалэм хащIыкIыр мащIэ дыдэщ. Абы кьыдэрилытэмкIэ, зи гугъу тщIы Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зегъэгъэзэным хуэунэтIауэ уэзлэжьным щыIэ.

Щ1алэгъуалэ палатэм и Iэтащхьэ Джаппуев Мусэ зэIущIэм щIэсхэр зытепсэлъыхь Iуэхугъуэм зэрыбгъэдыхьэ щыкIэр тэмэму кьиплыытащ.

- Щ1ыхухэр кьыззэтригъэувыIэным и закъуэкъым къэралым щызекIуэ хабзэхэр щыгъэхьхьэр, - жиIащ Джаппуевым. - АтIэ законыр абыхэм я гъэсэныгъэ хуэунэтIауэ уэзлэжьным щыIэ.

Щ1алэгъуалэм ядэлэжьэныжьмкIэ, къэралым кьарит хуитныгъэхэр зыхуэдэм иджырей щIалэгъуалэм хащIыкIыр мащIэ дыдэщ. Абы кьыззэрилытэмкIэ, зи гугъу тщIы Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зегъэгъэзэным хуэунэтIауэ уэзлэжьным щыIэ.

Щ1алэгъуалэм я гъэсакIуэхэм я гъэсакIуэ зэхуэсым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Щ1ыхуэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ министерствэхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущ1апIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ щIалэгъуалэ организацэхэмрэ зыхуагъаIэ.

Тхыгъэрэ сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

Щ1алэгъуалэмрэ хабзэмрэ

УсакIуэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс

• Пшыхьхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ, СССР-мрэ РСФСР-мрэ я Къэрал саугъэтхэм, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтым и лауреат Кулиев Къайсын ныбжьэгъуэ Iуэхущ1апIэ.

ЗЭРЫТIЩIЭЩI, Кулиевыр литературэ гъащIэм кууэ щыхэувар и щIыналъэм кьигъэзэжа нэжькIэщ. Шэм адрейр кIэлъыкIуэу кьыдэкIащ и уэз тхыльхэр, абыхэм я усакIэм пщIэрэ щIыхьрэ кьыхуэхьащ. Ар жьыдэжру ехэтащ къэралми республикэми щекIуэкI жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ Iуэхухэм: СССР-м, КъБАССР-м я Совет Пэхьащхьэхэм я депутату щытащ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и секретарь лэжьащ. И лIыгъэм, и лэжьыгъэ купщIафIэхэм папщIэ абы кьыхуагъэфэщащ Ленинымрэ орденыр, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжьыр тIэуненIэр, Хэку зауэм и ипэ, етIуанэ нагъыщ орденхэр, медалхэр. Кулиевыр дунейм ехьажащ 1985 гъэм мэкъуаэгъуэм и 4-м.

УсакIуэ тельыджэм иджыблагъэ пшыхь щыхуащIащ Налшык къалэ. Ар теуухуат абы и илъэс 95-р гъэпсынIэным. Пшыхьым кьрагъэбгъэгъат ди къуэш республикэхэм, творческэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Фырэ Руслан зэхьхьэр кьыззIуиха нэужь, пшыхьым къекIуэлIа-хэр едэIуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Портэ Галинэ** жиIам.

- Фи пщыхьщхьэ фIыуэ, ди ныбжьэгъуфIхэ, ди хьэщIэ iпапIэхэ! - захуигъэзащ Галинэ псоми. - Мы илъэс ихыбр ди щэнхабзэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэу щытащ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт, Кулиев Къайсын и илъэс 95-р лъэпкъ псоми я гуфIэгъуэу зэрыщытри. Хэкум и къуэ пэжым, зауэлI хахуэм, усакIуэфIым пщIэ хуэфащIу фыкьыззэрытхуеблэгъам щхьэкIэ Тхьэр арэзы кьыфхухуэ, вжьдоIэ. Фызэрыщыгъуазэщи, Къайсын зэман нэхъ гуГъуэхэм халъхуат, щэнхабзэм зыщимыужьа лъэхъэнэт, арами, абы хуэзфIэкIащ и псалъэр дунейпсо утыку ирихьыну, балъкъэр литературэр гъэапIэм нигъэсыну. Абы и усагъэр нэхуэтэрэ гуапагъэкIэ гъэнщIащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтыр **ХОЛЛАЕВЭ Любэ** *трихащ.*

Унафэщ1ыр IэкIуэлъакIуэмэ, IэнатIэр ефIэкIуэнущ

Унафэщ1 лэжьакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ президент программэм тету зи щIэныгъэм хэзыгъэхьуахэм ящыщу цIыху 50-м еджэн къызэраухамкIэ дипломхэр иратыжащ мэрем кIуам. Абы теуухуа гуфIэгъуэ зэхуэсым кьрихьэлIащ республикэм и къэрал, муниципальнэ IэнатIэхэм кьулыкъу нэхьыщхьэхэр, курыт кьулыкъуэхэр щыгъэныгъ унафэщIхэр, президент программэм тету еджахэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп1э къуэдзэ Марьяш Иринэ жиIащ цIыхубэ хозяйствэм и Iуэхущ1апIэхэм папщIэ унафэщI лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным теуухуа Указым УФ-м и Президентым Iэ зэрыщIндзэр илъэс 15 зэрыхьуар. Мы программэр зытращIыхьар Урысейм и экономикэр къэгъэщIэрэщIэжьныщ, инновацэхэр зи лъабжьэ экономикэ зэтегъэувэныщ. Мы программэм ипкъ иткIэ зи щIэныгъэм хэзыгъэхьуахэм ящыщу процент 20-м нэбгырабэ властым и къэрал органхэмрэ щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ щолажьэ.

Илъэс 15-м кьрибыдыгу программэм ипкъ иткIэ я щIэныгъэм, Iэщ1агъэм хагъэхьуащ экономикэм и IэнатIэ нэхъыщхьэ псоми щылажьэхэм ящыщу цIыху 275-м. Предприятэ, организацэ куэдым мы Iуэхум и мыхьэнэр нэсу кьагурыIуащ икIи Iуэхур езыгъэфIакIуэфын унафэщI лэжьакIуэхэр гъэ кьэс ягъэхьэзыр. Апхуэдэхэм ящыщщ «Къэббалъкъгипс» акционер зэгухьэныгъэ зэIухар, Урысейм и ХъумапIэ банким и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1апIэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, Налшык къалэм, Прохладнэ районым я щIыналъэ администрацэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЕджапIэхэр кьызыхухахэм я процент 80-м нэбгырабэ я диплом лэжьыгъэхэр траухуащ езыхэр щылажьэ Iуэхущ1апIэхэр гъэпсынIэхэм. Иджы апхуэдэ Iэщ1агъэлIэхэм ягъуэта щIэныгъэр кьагъэсэбэнуэр, зыпэрыувэжа Iэнатlэхэр яп1экIэ ягъэкIуэта.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр Мусуков Алий зи щIэныгъэм хэзыгъэхьуахэм ехьэхьуащ ягъуэта зэфIэкIыщIэхэр тэмэму кьагъэсэбэныну, зыпэрыт Iэнатlэхэр ехьуIэныгъэкIэ ирахьэкIыну.

Диплом зратыжахэм я щIэкIэ кьыщыгъасалъэм Налшык къалэм и адміністрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Дол Анжелэ жиIащ: «Иджыпей зэманым тэмэму лэжьэфынур щIэныгъэ Гъагъэ зыбгъэдэль, зи Iэщ1агъэм хуэлэкIуэлъакIуэ цIыхуэрщ. Иджы апхуэдэхэр республикэм 50-кIэ нэхъыбэ щыхьащ. Дэ сыт хуэдэ Iуэху ди пщIэ кьрамыльхьэми, сыт хуэдэ Iэнатlэ дыпэрымыуэми, кьыдбгъэдэхуэ кьалэнхэр нэсу зэрыдгъэзэщIэным дыхущIэкъунщ».

ЧЭРТЫ Ольгэ.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУ?ПЪХЬЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхухэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Илъэсыщ1эм сабийхэм я хьуэпсапIэхэр нахуапIэ яхуэщ1ыным фыкьыхьыхьыну дыныволъэIу.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 1-м щыщIэдзауэ Налшык къалэм щокIуэкI «Хьуэпсапlэхэм я псей» псапащIэ Iуэхур. Ар къызэригъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэ центрым. «Хьуэпсапlэхэм я псейр» щагъэуващ Кировым и щIэныгъэ зезыхьэ уэрам №10-м и деж щыт «Катюша» тыкуэным. Псейм и лъабжьэм щIэлъ открыткэхэм ягуц республикэм и Сабий унэ Налшык къалэм дэтым щапIхэр зыщIэхъуэпсхэр. Тыкуэным щыхуэкIуэ щIыпхэ, гущIэгъу зыхэлъ дэтхэнэ зыми Iэмал иIэщ открыткэ кьыхихыну сабийр ильэсыщIэм зыщIэхъуэпсыр кьригъэхъуIэну, саугъэтыр сабийм и цIэкIэ иригъэтхыу псей щIагъым щIэт манежым иригъэхьэну.

Мы Iуэхур кьызэзыгъэпащахэм я мурадщ гулъытэ хуэныкъуэ сабийхэм ядэIэпыкъуну, саугъэтхэр тыгъэ хуащIыну, ильэсыщIэ зэхьхьэхэр ирагъэкIуэкIыну.

Аращи, псапэ фщIэну фепIэщIэкI, «Хьуэпсапlэхэм я псей» Iуэхур дыгъэгъаазэм и 27 щIондэщ зэрекIуэкIыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэ центрым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

• Псапэ

Хамэ сабий щыIэкъым!

Дунейм щыхьыбархэр

И чэзу мыхъуауэ пIэр?

Конкектикут штатым (США) хьыхъэ Ньютаункьалэм мэрем кIуам кьыщыхуа гуэвэгъуэм и хьыбар зэхэзыхауэ ар зигу щIэмыхьа щыIэу кьыщIэкIынкьым. Уеблэмэ, къэралым и президент Обамэ Барак и нэпсхэр хуэубыдакьым, абы щытепсэлъыныкъым, хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм.

Илъэс тIощI хьу Ланэ Адам и анэр иукIи, абы зэрихьу щыта фочхэмрэ кIэрахъуэмрэ кьищтэри, яп1эмжьыжьэу щыт пэщIэдзэ еджапIэм щыIу 26-рэ щиуклащ. Абыхэм ящыщу тIощIыр илъэсих-блы фIэкIа жьысу сабийщ. Илъэжьа хьэкIэ-кхъужьIагъэр игу техуэжауэ кьыщIэкIынкьым - Ланэ езыми зиукIыжащ.

Iэщ1эр хуиту щащ1э Америкэм щIэх-щIэхьыурэ щалэжьу хуежьащ апхуэдэ щIэпхъажагъэхэр икIи абы и щIыхьхэр нэхъыбэрэ зэуплъыжьхуащ: «Дыхуейуэ пIэрэ апхуэдэ хуитныгъэ?» Кьэхъуащ1э шынагъуэм и ужькIэ а кьэралым щыщ кIуэ дыдэм трагъэныныжьхэр зэхъуэкIыжьым зэрыхуейм.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий яхуэгугъэащ абы хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм. Апхуэдэу абы жиIащ Iэщ1эр хуиту яп1эм, ар щыху кьызэрыгуэкIхэм яIэным и бийуэ къэувхэм зэрателъхьэр.

Хэхъуэ гуапэ

Воронеж и перинатальнэ центрым дыгъэкъэ кьыщальхуа щIалэ щыкIум я къалэр «медуанырыбжь» ищIащ. КьыхэгъэщIипхъэщ ар я унагъуэм и епIанэ сабийуэ зэрыщытри.

Областым щыпсэухэм я гуфIэгъэмкIэ ехьэхьуащ губернатор Гордеев Алексей. «Ди дежкIэ ар хьыбарифIым и закъуэкъым, атIэ абы жэуапльныгъэщIэхэри пыщIащ, къалэныщхуэхэри ди пщIэ кьыдельхьэ. Дызэгъусэу дегугъун хуейщ Воронеж екъуэлIэныгъэхэр зи куэд, фIым хуэлажьэ щIыхухэм я къалэ щIыным», - жиIащ крайм и Iэтащхьэм.

Щ1ыху медуан, нэхъыбэ щыпсэу къалэхэр иджыри къэс зэрыхьур 14-т: Москва, Петербург, Новосибирск, Екатеринбург, Новгород Ищхъэрэ, Самарэ, Къзэан, Омск, Челябинск, Дон Iус Ростов, Уфа, Волгоград, Пермь, Красноярск.

НОБЭ

t Iэнэхъэшапхъуэм и дунейпсо махуэщ

t Нью-Йорк (США) щокIуэкI ООН-м Сабийм и къуэм и Дунейпсо махуэм. Ар ежьащ 1985 гъэм мэкъуаэгъуэм и 4-м.

УсакIуэ тельыджэм иджыблагъэ t Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Жамборэ Хьэсэнбий** кьызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

t Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэбий Виктор** кьызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

t КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Хужокэ Александр Урысей Академием и членкорреспондент, ЩIДАА-м и академик **Кьщ1 Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уэс къыщыслнуу. ЩIыпIэ маухэм градуси 7 - 5, жэщым 6 - 5 щыхьэнущ.

Пл1эпкъ Iуущ1ыгъэ:

Бэдж пэтрэ Iэужь трах.

Мэзихым ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэлпейкIи 10-рэ. «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Прокуратурэм хъыбар евгъащIэ хъунущ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм жэщми махуэми щолажьэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм егъэщIэпIа законэр кьызэрызэпаудым теухуауэ фыздэпсалъэ хъун телефон. Апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэм фыщыгъуазэмэ, 40-48-60 телефонымкIэ фыпсалъэ.

Апхуэдэу гъубж къэс сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 17 хьуху ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа Iуэхуэхэм я къэрал ведомствэ КъБР-м и прокуратурэм федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныкIэ и кьудамэм и прокурор Мамбэт Мурат Владимир и къуэр. Абы хуэзэну хуейхэм зрагъэтх хъунущ 40-46-11 телефонымкIэ.

КъБР-м и прокуратурэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ зыIэрыхьэхэм гу зылъатапхъэ

Фыдэзыхьэх газетхэмрэ журналхэмрэ 2013 гъэм и яп1э илъэс ныкъуэм къевгъэхьыну Iэ щытебдзэ хъунущ аxэр и чэзум унэм ныфхуэзыхьыну е пощт зэпыщIэныгъэмкIэ Iуэхуэщ1апIэхэм къыщыпсэуу фыхагъэгъуэзэнущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ зэрыщыщIадзым пыщIа Iуэху псоми пощт зэпыщIэныгъэмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм щхьэхуэу фыхагъэгъуэзэнущ.

Iэ тедзэныр фымыгъэгувэ, и кIэ дыдэм нэмыгъэс.

ФПС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэ - «Урысейм и пощт» ФГУП-м и къудамэ.

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Мазихым ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэлпейкIи 10-рэ. «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIи:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзэн икIи цIыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№ 1258-П-П

«2008 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIи:**

1. «2008 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзэн икIи цIыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№ 1268-П-П

«ЩIыуэпсым и къэхъуакъащIэхэмрэ техникэр къыззрагъэсэбэпымрэ ехьэлIа къыззрымыкIуэ щытыкIэхэм цIыхухэмрэ щIыналъхэмрэ ящIхъумэным и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым ехьэлIауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIи:**

1. «ЩIыуэпсым и къэхъуакъащIэхэмрэ техникэр къыззрагъэсэбэпымрэ ехьэлIа къыззрымыкIуэ щытыкIэхэм цIыхухэмрэ щIыналъхэмрэ ящIхъумэным и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзэн икIи цIыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№ 1274-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъымрэ абы и пкъыгъуэхэмрэ зэрыщытым и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым ехьэлIауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIи:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъымрэ абы и пкъыгъуэхэмрэ зэрыщытым и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзэн икIи цIыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№ 1282-П-П

Газ Iэмэпсымэщ Iэхэр зэрызэрахьэнум хурагъаджэ

Мы махуэхэм «Къэббалъкъгаз» акционер зэгухьэныгъэ зэлухам унагъуэ Iэхуитхьэбзэхэр зэфIэзыгъэкI IэнатIэхэмрэ промышленнэ предприятэхэмра газыр къэгъэсэбэпымыкIэ я Iэщ IагъэлIхэм я семинар щокIуэкI.

НЭГЪУЭЩI къэралхэм щащIа газ хьэкуэхэмра псы зэрагъэхуабэ Iэмэпсымэхэмра зэрызэрахьэм, зэрызэрагъэпэщыжьым, зэрагъэувым, зэрызэтраухуэм ахэр хурегъаджэ Дон Iус Ростов къыкIа Iэщ IагъэлIым.

Дызэрыщыгъуазэщи, мы зэманым унагъуэ, предприятэ кудым нэгъуэщI къэралхэм щащIа газ Iэмэпсымэхэр щагъэзыв икIи ахэр зыхуэй хуэзыгъэзэфын слесархэм дэни щыхуэныкъуэщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пресс-Iуэхуцl Iанэ.

(КIэухыр. Пэщ Iэдзэр 1-нэ нап.)

УсакIуэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс

- УсакIуэр дэркIэ лъапIэщ иджыри мы зы IэхуигъуэмкIэ: абы и лэжьыгъэхэм кьыщигъэльэгъуащ псом я нэхьапэр - и лъэпкым и гъащIэр, апхуэдэ и усэхэм абы зэи мыужьыхьын гурыщIэ кьабзэ яхилъхьащ, абы папщIэ фIыщIэ хуэфащэщ, - пищащ адэкIэ Портэм. - Балъкъэр лъэпкъыр и Хэку щрагъэкIам, Кулиевыр хуит ящIат, Москвareр Ленинградрэ кьищынэмыщIа, здыхуэй щIыпIэм щыпсэу хъуну, арщхьэкIэ ар кIэлъыкIуащ кьыдыхэкIа и гъэпкым. Ар щыхьэт тохъуэ, Къайсын зэрыусакIуэшхуэм и мызакъуэу, хэкупсэу зэрыщытами. Ди литературэм и тхыдэр, и ехьулIэныгъэхэр - ар ди тхакIуэшхуэхэм, усакIуэшхуэхэм кьыгъуагъэна хьугъуэфIыгъуэщ. Кулиев Къайсын, Щоджэнщ Iыку Алий, Кьыщокъуэ Алим, Отаров Чэрим, нэгъуэщIхэми усыгъэр лъэ быдзкIэ ягъэуващ, я лъэпкъэм яхуэщхьэпэн тхыгъэфIэр кьыхуагъэнащ. Кулиев Къайсын теухуауэ Кьыщокъуэ Алим жиIэгъуэ щытащ: «УсакIуэ пэжт. И псалъэр инт, гум кьиIукIыпт. Ауэ, уепсэльапэ, ар кьыззрыгуэкI щыхут, зэи зыхинIэтыкIынутэкъым. Къайсын зэхидзыртэкъым хэт цIыхухуэми, хэт «мыинми». Дэтхэнэми ар гуапэу бгъэдэтт, зы хуабагъэ гуэркIэ дгъэгушэмэ фIэфIу». Псалъэ гуапэ куэд хужаIащ Кулиевым. Абыхэм ящыщщ мы къыкIэльыкIуэри: «Ар апхуэдизкIэ усакIуэ Iэзэщи, нэгъуэщI IэщIагъэ нIэ хъуну щытаун уи нэгу кьыпхуищIэгъэзэкъэкIым. Абы фIэфIт щыхум хэтыну икIи дэтхэнэри «зохихьфыну». Iуэхугъуэ гугъуэр кьыщыкъуэкIми, ар зэпIэзэрыпт, Iущыгъэ хэпъу ар гъэзэщIа зэрыхъунум и ужь ихьэт». УсакIуэшхуэр дэни кьыщацIыхуу, дэнэкIи ныбжьэгъу щIиащ, дэтхэнэри игъэльэпIащ. Кулиевым и илъэсым лэжьыигъэфI щызэфIагъэкIащ ди республикэм: усакIуэм и лэжьыгъэхэр зэрыт, томих хьу тхылъыр кьыдэкIащ, кьаIэхэмрэ къуажэхэмрэ абы теухуауэ зэхьхьэхэр, пшыхьэр щрагъэкIуэн Iэдэ, и фэепц, Iапплъ дэтыр, кьагъэщIэрэщIэжащ. Дыныбохъуэхъу Кулиевым и махуэ IапIэмкIэ!

АдэкIэ утыкум ирагъэбгъэгъащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретарь **Парпарэ Анатолэ**. Ар тепсэльыхьащ усакIуэзышхуэм и Iэдакъэщ Iэкъ Iэм икIи Лермонтовым теухуауэ Къайсын итхауэ щыта усэм кьеджащ.

- Ныбжьэгъу лъапIэхэ! - захуигъэзащ щIыхуэм Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **Мэшбащэ Исхьакъ**. - Мы Iуэхугъуэм сыкьыщыгъэбгъагъэм, сэ си лэжьыгъэхэр псори кьэзгъанэрэи сыкъэкIащ. Сэ кьыстохуэ а щыхущхуэм псалъэ хужыкIэну. Кавказым иIэщ усакIуэ хъарзынэ куэд (Кулиев Къайсин, Гамзатов Расул, Кьыщокъуэ Алим, нэгъуэщIхэри), ди щIыналъэм тIэкIу упыIыкIуэтмэ, кьыхъбгъащ хъунущ кьалмыкъ усакIуэ Iэзэ Кугультинов Давид, Поволжье лъэныкъуэкIэ яIэщ Карим Мустай, Нева и Iуфэхэм - Дудин Михаил - гур мэуз мыхэр зыри зэрымыпсэужьым щхьэкIэ. Сыт тхуэщIэн?! Ди кьаIэныр зыщ: я Iэдакъэщ Iэкъ Iэр, я фэепIныр тхъумэныращ. Нобэ дгъэльапIэ Кулиев Къайсин сэ кьыщысщыслIыхуар сыщыстудентарщ. «Си шынэхъыщIэ» - арат ар кьыззыздэжр. КуэдымкIэ абы сечэнджэщащ, сыт хуэдэ Iуэхугъуэри сыт щыгъуи кьыздиIыгъащ. АбыкIэ сэ Кулиев фIыщIэшхуэ хузощI. И лъэпкъыр фIыуэ ильагъурт, хэкупсэт. ИкъукIэ куэд хужыпIэфынущ а щIыху иным, ар абы кьелэжь, ауэ иджыпсту кьыхъэгъэщыну сызыуейращи, уэгум ис вагъуэхэм нэхъ нэхуу зы къаХэлыдыкIмэ, ар Къайсын и вагъуэщ.

УсакIуэм и махуэ лъапIэмкIэ лъэпкым ехьэхъуну Налшык къэкIуат Чуваш Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **Тургай Валерэ**. Абыи кьыхигъэщащ пшыхьым къыззрагъэбгъэлэгъар гуапэ зэрыщыхъуар.

- 2011 гъэм сэ кьыдэзгъэкIащ «Салам, страна высоких гор» зыфIэсща си тхылъыр. Абы сэ хэзгъэхьащ Кавказым и усакIуэ нэхъ пажэхэу 18. Абыхэм яхэтщ зи усыгъэм сыдихьэха Кулиев Къайсин и Iэдакъэщ Iэкъ Iэм. УсакIуэм и хьэтIыр апхуэдизкIэ сигу ирихьырти, зэздзэкIри, щхьэхуэу кьыдэзгъэкIащ «На мир смотрите добрым глазами» усэ Iалъыр. Зэхэмыдзэ кIыхь слъэкIакъым кьыззраIахуэр мы гъэм илъэси 100 ирикъуа, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Отаров Чэрим и усэхэри. Ахэр «Журавли возвращаются» фIэщыгъэм щIэту кьыдэзгъэкIащ. Усэ тхыльхэр кьыздэсхьащи, тыгъэ фхузощI (тхыльхэр Фырэ Руслан иритащ. - Б.Л.), - жиIащ абы. - Дэ дыщыгъуазэщ зауэ зэманым, 1942 гъэм, Къайсын уIэгъэ хуауэ Чебоксары и сымаджэщхэм ящыщ зым щIэлъауэ зэрыщытам. Ар кьыщыгъэльэгъуэжащ езы усакIуэм и тхыгъэ зыбжанэмэ. Мы Iуэхум теухуауэ ильэситху и пэкIэ жэрдэм кьыхэслъхьауэ щытащ а сымаджэщым Къайсын и фэеплъ пхъэбгъу щыфIэддзэну. Iуэхур и кIэм тхунэгъэсакъым, ауэ эскизэр хьэзырщи, щIышылэм и кIэм, мазаем и пэхэм ар зэфIэкIыну дыщогугъ. Чуваш лъэпкым Къайсын фIыуэ яцIыху, и Iэдакъэщ Iэкъ Iэм щыгъуазэщ.

Зэхэмыдзэм кьыщIэпсэльащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, тхакIуэ **Джусойты Нафи**, «Мир Азербайджана» журналым и редактор нэхъыщIхьэ **Исмаилов Эльдар**, Кьаримов, Дагъыстэн, Къэрэшей-Щэрджэс республикэхэм, Ставрополь крайм я ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я правленэхэм я тхьэмадзэхэу **Эльдышев Эрдни**, **Ахмедов Мухьэмэд, Бэчыкъ Лейлэ, Куприн Александр** сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтыр **ХОЛЛАЕВЭ Любэ** *трихащ.*

• ДифI догъэлъапIэ

Лэжьыгъэшхуэ зыгъэхъа Тхьэкъуахъуэ Музабир

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 70 - 80 гъэхэм ди щIыналъэм къыщыхъэлIэу щытащ нартыху бэ. Абы зи гущIэ ин хэзылъхьэхэм ящыщ Бахьсэн районым, щыщIэхэрэм. А куэйм и мызакъуэу, республикэмкIэ нэгъуэщI щIыналъэхэми цIэрыIуэ щыхъуауэ щытащ Къыпэк щыпсэу нартыхуэгъэкI Тхьэкъуахъуэ Музабир.

ГЪЭМАХУЭ зыгъэпсэхугъуэр кьэса ныжь, адрей и классэгъуэхэм ящIыгъуу щIалэщIэр щылажьэрт кьуажэ губгъуэм. Уеблэмэ и закъуэу дэкIыу гъавэ щIапIэхэр кьыщIэзэхикIыхь щыIэт. ФIэфIт я хадэми илэжьыхьыну. Колхозым и агроном нэхъыщхьэ Ныбэжь Кьасым гу лъымытэу кьэнакьым щIалэщIэм и гур мэкъуэмэщ Iуэхум эзретам. ИкIи махуэ гуэрым ар кьыбгъэдохьэ Музабир икIи кьыжреIэ:

- Школьм укьыщIэкIмэ, еджакIуэ удгъэжьнэщ, ухуеймэ. Уэ нартыхугъэкI бэлыхь кьыпхэкIыну дыпщогугъ.

Дауи, щалэ цIыкIум и гуапэ мыхьуу кьэнакьым а псалъэхэр. ИкIи мурад ищIащ механизатор Iэщ Iагъэр зригъэгъуэтыну. Музабир и адэ-анэм и мурадыр щахуиIуатэм, абыхэм ящыдалыгъащ. ЩIалэщIэр хуейт Къэбэрдей-Балъкъэрым куэдрэ зи щIэ кьыщапсэль, иужькIэ Социалист Лэжьыгъэм и Льагъэмрэ Iыхьэмрэ хьуахэу Емышэ Хьэлий, Хьэжмэт Хьэсэн, Iэрэмысэ Ахьмэд, Къуэтепыхьэ Мухьэмэд сымэ я льагъэуэм ирикIуну.

Арати, мэкъумэщ IэнатIэм и Iэщ IагъэлIхэр щагъэхьэзыру Бахьсэн дэт училищэм щIотIыкIыхь. Ар кьыззриуэхыу, Тхьэкъуахъуэр Къэзахъстаным макIуэ щыщIэр къэзыIэтыну гупым ящыгъуу икIи «Кудуксай» совхозым щылэжьащ, и кьаруémыблэжу, щытхъушхуэ иIэу: япэ щыкIэ тракторым тесащ, иужькIэ - комбайным. Зы щыкъуэ Iыхьэр эздагъэшу, эящым хуэдэу ар ядэлэжьащ нэгъуэщI лъэпкъхэм кьахэкIа щIалэхэм: тыркумэнхэми, куржыхэми, украинхэми, белорусхэми, кьущьхьэхэми. А зэманырщ Музабир кьыщищIар щым, гъавэм уелэжьыныр зэрымыIэнатIэ тыншыр.

Дамыгъэ куэд иIэу кьеГъэзэжри, Музабир хохьэ я кьуажэм дэт колхозым. Илъэс зытIу нэхъ дэмыкIауэ, а щIалэм и щытхъу щыIуащ нартыхугъэкIэм я зэлущIэу Бахьсэн щекIуэкIам. «Си нэкIэ сымылъэгъуамэ, си фIэщ хьунтэкъым апхуэдизу гъавэр бэв тхуэхьуну, - жиIащ абы щыгъуэ бригадэм и унафэщ Сэбанышы Кьэралбий. - Музабир зэлэжьа хьэсэхэм кьыгурихащ гектарым хуэзэу центнер 65-рэ. Мис абы дэпIлъей хъунущ адрей механизатор нэхъ щIалэхэри».

Музабир и мурад быдэт зы илъэсым нэхърэ кьыкIэлыкIуэм щым кьытрихьм хитаахьуэ зэпыту екIуэкIыну, ар зригъэхьулIащ: центнер 60-м щыщIдзэри гектарым кьиртыр 70-м, 80-м, 90-м нигъэсащ. Дауи, ар тыншу хуэкIуахьм а бжыгъэхэм. Сыт хуэзриз пщIэнтIэпс, кьару тригъэдуэда ар зригъэхьулIэным!

Куэд мыщIэу Музабир ягъэув щIалэгъуалэ эвеном и унафэщIу. Абы кьыльос гектар 300-м щIигъу зэрихьэн хуейуэ. ЩIалэм кьыгуроIуэ псыIагъ мащIэ фIэкI кьыщемых я губгъуэм псыщIэхьэлъадэм нэхъ щегугъун зэрыхуейр икIи а Iуэхугъуэм гульытэ хэха хуещI.

1974 гъэр екIуэкIырт. Налшык щызэхуашэсат нартыхугъэкI пашэхэр. Абы ирагъэблагъат Музабири абы и ныбжьыгъу Кьардэн Асльэнбий. А тIум псалъэ ятащ гектарым центнер 100 кьыграхыну. ИкIи ар зригъэхьулIэн папщIэ механизаторым псэку иIакъым. И зеном хэт Атэлыкъ СультIанрэ КIэрашэ Хьэсэнбийрэ щыгъуу зы лэжьыгъуэ махуэм кьыртрах нартхуэу центнер 1603-рэ. МыуbyIэу сыхьэт 23-кIэ лажьэурэ, «Херсонец» комбайнымкIэ абыхэм ехьулIэныгъэшхуэ зыIэрагъэхьащ. Гектар 83-м кьыртрахащ нарт гъавэу центнер мини 10-м щигъу...

... Къуажэр жьыуэ кьэушат. Нэху мыщIапами, трактор, автомашинэ макъэр кьэIуу хуежьат. Пщэдджьым радиом псэльэн щIедзэри, Кьыщпэк дэсхэм эзхах «Трудовой горец» колхозым и механизатор пашэхэм - Тхьэкъуахъуэ Музабиррэ Кьардэн Асльэнбийрэ кьыззрехьуэхьур. Ар занщIэу щыззэльащIысащ хьэблэмэ жыIэмэ. А махуэ дыдэм газетхэм кьытрадзащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Указ. Абы итт зи цIэ кьраIуа нартыхугъэкIитIым Ленин орденыр кьыззрэхьугъэфэщар. А Iуэхугъуэм сытым хуэдэу щыгуфIыкIат кьуажэдэс псори.

Абы нужькIэ Музабир и цIэр щыIуащ республикэм и дэтхэнэ кьуажэмкIэ. Абы и лэжьэкIэ пэрытыр ящыну кьакIуэрт цIыху Iэджэ. Куэд мыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпэу Тхьэкъуахъуэм кьрат СССР-м и Кьэрал саугъэтыр. И ехьулIэныгъэхэр кьпэкIуэу 1982 гъэм ВДНХ-р абы кьыхуоупсэ «Москвич» автомашинэкIэ.

ПщIэшхуэ зиIэ механизаторыр хэхуауэ щытащ «Хэку» обществэм и лыкIуэхэм ящыщIуэу Иорданием ягъэкIуэ гупым.

Музабир гъавэ бэвкIэ ипэ кьищ яхэттэкьым и лэжьэгъухэм. Уеблэмэ Бахьсэн районым щыпашэхэми ящыщт. Абы кьыфащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI» цIэр. Ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ ар. Музабир ноби щыгъупщэркъым КПСС-м и ЦК-м и Секретарь Нэхъыщхьэ Брежневым и хьуэхъу телеграммэм ита псалъэхэр: «Гъавэ бэв кьехьэлIэнкIэ, техникэр и кьару псомкIи кьэгъэсэбэпымыкIэ кьэрал псом щапсэ кьыщыгъэльэгъуащ.

Губгъуэ лэжьыгъэм зэрыпэрымытыжкрэ куэд щIами, Музабир ноби Iуэхуншэкъым: зэрыхуэзэфIэкIкIэ и жылэм сэбэп щохьу. ЩIалэгъуалэм я чэнджэщэгъуэ. Куэд щIакъым механизатор щIэрыIуэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрыхьурэ, Ди гуапэу дохьуэхьу узынщагъэ быдэ иIэу, и щIэлъм ящыгуфIыкIыу дунейм иджыри куэдрэ тетыну. Абы и гъащIэ гъуэгуанэр щIалэгъуалэм я джежI щапхьэ дахэщ.

БЖЭНЫКIЭ Регинэ.
Кьыщпэк къуажэ

• Политикэ партхэм

Гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэм топсэлъыхь

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм гъэбж кIуам щекIуэкIащ гъуэгу тет дэтхэнэми ихь жэуапыныгъэр иджыри зэ ягу къэтэкIыжьыным теухуа «стIол къурей».

ЗЭЗУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым унафэр гъэзащIэныжьмкIэ, хабзэм тетыныжьмкIэ, щылагъуэ щынагъуэншагъэмкIэ и комитетым и унафэщI **КъуэщIысокъуэ Юрэ**, абы и къуэдзэ **Шумахуэ Арсен**, КъБР-м транспортымкIэ, связыжьрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Къудей Арсен,** КъБР-м щыIэ УГИБДД-м и къудамэм и унафэщI **Дэхъу Альберт**, нэгъуэщIхэри.

КъаIэта Iуэхум лъабжьэ хуэхъуащ УФ-м и Къэрал Думэм «Урысей зэкъуэт» партым щиIэ фракцэм кьыхилъхьар - фадэ ефауэ машинэ зезыгъакIуэм тралъхьэ тезырыр нэхъ ткIий щIыныр. Депутатхэм жаIэ апхуэдизкIэ сом мини 100-м щегъэжьауэ нэхъыбэкIэ етхьэкъун хуейуэ, етIуанэу кьауфыдымэ, и правар кьытехьипхъэу. КъищынэмыщIауэ, права ямыIэу машинэ рулым дэсхэм зэретхьэкъури гъэтхIиин хуейуэ кьаIулъытэ.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий и видеоблогым иджыблагъэ щыжиIащ Iуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр кьыззэпызыудхэм хуейуэ кьаIулъытэ. Кьаблэзу зэпрыжкхэм, кьыхуэкIуэ машинэм и гъуэгум тельадэм, псынщIагъым щIезыгъэгъум - тралъхьэ тезырхэр Москварэ Санкт-Петербургрэ сом мин 500-м нэбгырэ зэрыщыхъэнур, адрей хэгъуэгуэхэм - сом мин 250-м нэс.

Апхуэдэ Iуэхуэхэр щызэпкърахым зэIущIэм хэтахэм къагъэлъэгъуащ ахэр зэрагъэзэжуэн, егупсысыну щхьэкIэ кьыхальхьа кьудейуэ зэрыарар, зэкIэ законопроекти нэгъуэщI эзрамыгъэхьэзыр. Зи гугъу ящIэхэм теухуа кьэхъукъащIэхэу иужьрей илъэсиблым щыIахэр, статистикэр и тегъэщIапIэу, утыку кьрихьащ Дэхъу Альберт.

ЗэIущIэм хэта дэтхэнэми кьыхилъхьащ езым и Iуэху еплъыкIэр. Кьудей Арсен жеIэ кьызэрыгъэкI цIыхухэм зэрет-хьэкъуну ахъшэ бжыгъэр зэрыкуэдыIуэр, ар зэрапшынын Iэмал зимыIэхэр зэрынэхъыбэр. Абы ипкъ иткIэ, хабзэм ебакъуэхэм уетхьэкъу зэрыхъун тезыр зыбжанэ зэрыщыIэр кьыхэгъэщащ къэпсальэм. Шумахуэ Арсен зэреплъымкIэ, сом мин 500 е 250-рэ птныир тыншрэ уефауэ машинэ удэмытIысхьэныр нэхъыфIрэ егупсыс кьудеймэ, Iуэхур зэфIэкIынущ.

ЗэщIагъаIэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр кьыщагъэлъэгъуа зэIущIэр псалъэмакъым и пэщIэдзэу аращ. Дяпэкlэ кьащтэну унафэм лъабжьэ хуэхъуну кьыхальхьэну гупсысэжям я нэхъ купщIафIэхэрщ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

• Шэрэдж куей

ЕтIанэгъэ яублэну я мурадщ

